O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq tili ha`m  a`debiyatı fakul`teti

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

4«a» kurs talabası Pa’rwaz Ta`jetdinovanın`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

## TEMA: K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası

İlimiy basshı: f.i.k. E.N.Eshniyazova

No`kis 2013-jıl

**Jaqlawg`a ruxsat berildi:**

| | |
|---|---|
| Fakul`tet dekanı: | f.i.k. D.Paxratdinov |
| Kafedra baslıg`ı: | f.i.d.,prof. K.Allambergenov |
| İlimiy basshı: | f.i.k. E.Eshniyazova |

***Tema:*** **K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası**

Ma`mleketlik imtixan komissiyasının` qararı:
Pitkeriwshi Тажетдинова Пəрўаздың pitkeriw qa`nigelik jumısına «_________» ball qoyılsın

«_____________» 2013-jıl.

MAK baslıg`ı:

MAK ag`zaları:

# K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası

## MAZMUNI


Kirisiw

I BAP. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası

II BAP. K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıwda aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiya usıllarınan paydalanıw

Juwmaq

A`debiyatlar

Qosımshalar

## Kirisiw

O`zbekstan Respublikası g`a`rezsizlikke iye bolg`annan son` siyasiy, ekonomikalıq, ja`miyetlik bag`darlarda ko`plegen o`zgerisler, bilimlendiriw tarawında da reformalar ju`z berdi. Sonın` menen birge xalqımızdın` biybaha ruwxıy baylıqların qayta tiklewge ha`m qa`dirlewge ken` jollar ashıldı.

G`a`rezsizlik ideologiyası ko`p milletli O`zbekstan xalqının` iygilikli ideya-azat ha`m abat Watan, erkin ha`m abadan turmıs qurıw jolındag`ı a`sirlik arzıw a`rmanları, turmıslıq ideyaların o`zinde sa`wlelendiredi. Sonın` menen birge milliy g`a`rezsizlik ideyası bu`gingi tez pa`tte o`zgerip baratırg`an ta`shwishli du`n`yada o`zligimizdi an`law, bizin` kimligimizdi, qanday ullı babalardın` miyrasına neshe mın` jıllıq tariyx, ta`kirarlanbaytug`ın ma`deniyat ha`m qa`diriyatlarg`a iye ekenimizdi sezinip jasawg`a, bul baylıqtı asırap saqlaw, demokratiyalıq qa`diriyatlar, pu`tkil du`n`ya rawajlanıwının` jetiskenlikleri menen azıqlandırıp, jan`a o`sip kiyatırg`an a`wladqa xızmet etiwi tiyis.

Ha`zirgi qıyınshılıqlı sharayatta xalqımız, aldı menen o`nip-o`sip kiyatırg`an jas a`wladımız sanasında ha`m qa`lbinde ideologiyalıq immunitet payda etiw u`lken a`hmiyetke iye[1],- dep atap ko`rsetti prezidentimiz I.A.Karimov.

Haqıyqatında da, «Bilimlendiriw xaqqında» g`ı Nızam, «Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlaması» sıyaqlı tariyxıy hu`jjetler u`zliksiz bilimlendiriw tarawına juwapkershilikli wazıypalar ju`kledi. Zaman talaplarına juwap beretug`ın oqıw rejelerin, bag`darlamaların, metodikalıq qollanbalardı islep shıg`ıw bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli wazıypalarınan bolıp tabıladı.

Usı ko`z qarastan qarag`anımızda ulıwma orta bilim beretug`ın mekteplerde a`debiyat pa`nin oqıwshılarg`a u`yretiw ha`m oqıtıw en` a`hmiyetli metodikalıq ma`selelerden esaplanadı.

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatının` talantlı wa`killerinin` biri shayır, jazıwshı ha`m dramaturg K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin ulıwma bilim beretug`ın orta mekteplerde oqıtıw metodikasın u'yreniwden ibarat bolıp tabıladı.

Bul maqsetke erisiw ushın to`mendegishe wazıypalardı orınlawımız tiyis:

-birinshiden, K.Raxmanovtın` o`miri ha`m do`retiwshiligine qısqasha sholıw jasaw,

-ekinshiden, a`debiyatshı-ilimpazlarımızdın` pikirlerine tayang`an halda K.Raxmanovtın` do`retiwshiliginin` o`zgesheligi haqqında o`zimizdin` jeke studentlik pikirimizdi beriw,

- u`shinshiden, ulıwma bilim beriw mekteplerinde K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw barısında paydalanılıwı mu`mkin bolg`an metodlar, usıllar, shınıg`ıwlardı u`yreniw bolıp tabıldı.

Qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde K.Raxmanovtın` do`retiwshiligi belgili da`rejede o`z izertleniwin tapqan ma`selelerden bolıp tabıladı. Onın` poeziyası, prozası, dramaturgiyası haqqında bir qansha ilimiy izertlewler, maqalalar payda bolg`an, belgili da`rejede izertlengen. K.Raxmanovtın` a`debiy portreti ulıwma

---

[1] Milliy ga'rezsizlik ideyası: tiykarg'ı tu'sinik ha'm printsipler
N o' k i s ,"Qaraqalp aqstan",2001,6-bet.

bilim beretug`ın orta mekteplerde, orta ha`m arnawlı oqıw orınlarında ha`m joqarı oqıw orınlarında o`z aldına u`yreniledi.

# I BAP. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası

Оқыўшыларға bilim beriwde zamanago`y ta`lim texnologiyalardın` a`hmiyeti haqqında so`z barg`anda Prezidentimiz İ. A. Karimovtın` «Oqıw protsessine jan`a informatsiya ha`m pedogogikalıq texnologiyalardı ken` engiziw, balalarımızdı ka`mil insanlar etip ta`rbiyalawda pidakerlik ko`rsetetug`ın oqıtıwshı ha`m mug`allimlerimizge itibarımızdı ja`nede ku`sheytiw, qısqasha aytqanda, ta`lim-ta`rbiya sistemasının` sıpatı ta`repinen pu`tkilley jan`a basqıshqa ko`teriw dıqkatımız orayında bolıwı da`rkar» degen so`zlerin aytıp o`tiw orınlı

O`z da`wirinde pedinstitut sıyaqlı ilim da`rgayında ta`lim alıp, bilim orayına arnap

«Sa`lem, institut-altın bosag`am!
Bilim soqpaqları jetkerdi sag`an.
Sen aydın keleshek, nurlı quyashım,
Senin` quyashın`nan jaqtırdı sanam.

İlim sırlarına ashtın` ko`zimdi,
Mın`larg`a tın`lattın` aytqan so`zimdi,
Sen-bilim bag`ısan`, altın bosag`am,
Ustaz aytar ustazım dep o`zin`di. – degen shıraylı qatarlardın` avtorı, talantlı shayır, jazıwshı ha`m dramaturg K.Raxmanov болып табылады.

Ken`esbay Raxmanov qaraqalpaq a`debiyatında shayır, jazıwshı ha`m dramaturg sıpatında xalqımız ta`repinen ta`n alıng`an ko`rkem so`z sheberlerinin` biri bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı K.Raxmanov 1942-jılı Kegeyli rayonında tuwıladı. Miynet jolın mektepti pitkergennen keyin tuwılg`an «Jalpaq jap» ha`zirgi Ba`kir Ka`rimberdiev atındag`ı awıl xojalıg`ı shirketler birlespesinde jumıs islew menen baslaydı. 1961-jılı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutına oqıwg`a kiredi. Talabalıq payıtında a`skeriy xızmetke shaqırıladı, a`skeriy xızmetten keyin oqıwın dawam ettirip, 1969-jılı usı instituttın` qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetin pitkerip shıg`adı. Talabalıq altın da`wirin K.Raxmanovtın` o`zi de ayrıqsha eske aladı. Ol oqıg`an jılları a`debiyat teoriyası pa`ninen İ.Yusupov sabaq oqıtqanın, fakul`tet dekanı prof. S.Axmetov bolg`anın ayta otırıp, o`zinin` a`debiyat krujogine, «Qarataw» qol jazba a`debiy jurnalına, «Jas filolog» diywalıy gazetasına xudojnik retinde de, redaktor retinde de, jas shayır retinde de aktiv qatnasqanın, studentler ta`repinen saxnalastırılatug`ın p`esalarda da rol`ler atqarg`anlıg`ın o`mirbayanında jazıp ketedi. Joqarı okıw ornın tamamlag`annan son` K.Raxmanov Qaraqalpaqstan radioesittiriw ha`m teleko`rsetiw kompaniyasında da`slep redaktor, u`lken redaktor, bas redaktor lawazımlarında isledi. 1978-1981-jılları S.Xojaniyazov atındag`ı jas tamashago`yler teatrında, 1981-1990-jılları ″A`miwda`r`ya″ jurnalında poeziya bo`limin basqardı. 1990-jıldan baslap No`kis teleradio orayı direktorının` orınbasarı, Qaraqalpaqstan Jazıwshılar Awqamının` ko`rkem a`debiyattı na`siyatlaw byurosının` direktorı, Qaraqalpaqstan televideniesinde ko`rkem a`debiyat ha`m dramaturgiya bo`liminin` baslıg`ı wazıypasında isledi.

1972-jıldan baslap Jazıwshılar awqamının` ag`zası, «Kelin», ″O du`n`yag`a mira`t″ p`esaları ushın 1978-jılı ″Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı, 1992-jılı ″Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sin`gen ko`rkem o`ner g`ayratkeri″, 2002-jılı″ Qaraqalpaqstan xalıq shayırı″ ataqlarına iye boldı, al 1998-jılı «Doslıq» ordeni menen sıylıqlandı.

K.Raxmanovtın` do`retiwshiligi tek okıwshı ja`miyetshiligin qızıqtırıp g`ana qoymastan a`debiyatshı ilimpazlardın` da dıqqat orayında turdı. Shayır K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin izertlew 70-jıllardan-ak baslang`an edi. Ma`selen, akademik M.Nurmuxamedovtın` «U`sh shayır» (jaslardın` tvorchestvosı haqqında) degen «A`miwda`r`ya» jurnalının` 1971-jılg`ı 4 sanında ja`riyalag`an maqalasında 60-jıllarda qaraqalpaq a`debiyatında payda bolg`an poeziyanın` «jan`a tolqınları»nın` arasınan T.Ma`tmuratov, U.Xojanazarov ha`m K.Raxmanovlardın` poeziyasına itibar berip, olardın` shıg`armalarına tallaw isledi, sebebi olardın` ha`r biri o`z aldına bir du`n`ya, al qosıqları birin-biri tu`we, ha`tte o`zin-o`zi ta`kirarlamaytug`ın sırlı a`lem edi.

Sonday-aq, K.Raxmanovtın` do`retiwshiligi haqqında filologiya ilimlerinin` doktorları S.Axmetov,Q.Sultanov, K.Ma`mbetov, Q.Kamalov, Q.Orazımbetov, filologiya ilimlerinin` kandidatları G.Esemuratov, K.Xudaybergenov, J.Esenovlar o`zlerinin` a`dil bahaların bildirdi. Bu`gingi g`a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde de K.Raxmanovtın` do`retiwshiligine dıqqat qaratılıp atır, shayır do`retiwshiliginde lirikalıq qaharman ma`selesi P.Dabılovtın` ilimiy izertlewinin` ob`ekti bolıp atır.

K.Raxmanovtın` do`retiwshiligi ulıwma bilim beriw mektepleri, orta arnawlı bilimlendiriw ha`m joqarı okıw orınlarında u`yrenilmekte.

K.Raxmanovtın` ko`rkem a`debiyatqa degen qızıg`ıwshılıg`ı qosıq jazıwdan baslandı. Onın` en` birinshi baspa so`zde ja`riyalang`an qosıg`ı «Tawıq» dep atalıp, 1958-jılı «Jetkinshek» gazetasında ja`riyalandı. Shayır usı da`slepki qosıg`ı menen-aq ko`pshiliktin` na`zerine tu`sti. İlahiyda talant ha`m tınımsız izleniwshilik avtordı u`lken shayır sıpatında qa`liplestirdi. Ol bir qansha qosıqlar, poemalar do`retip oqıwshılar qa`wimine inam etti. Shayırdın` «Sag`an asıg`aman» (1970), «O`mir tolg`anısları» (1972), «Tan` ashıg`ı» (1978), «O`mir sen ullısan`» (1981), «Watan muhabbatı menen» (1984), «Tazadan kelgen okıwshı» (1988), «Ma`nzilim alıs» (1995) ha`m «Watan tuyg`ısı» (2002) atlı qosıqlar toplamların ja`riyaladı. Onın` qosıqları o`z aldına rus tilinde toplam bolıp «Doroga v jizn`» degen at penen 1987-jılı ja`riyalandı. Al 2012-jılı bolsa shayırdın` 70-jıllıg`ına arnalg`an «Tung`ıshımız qız bolsa…» degen at penen qosıqlar toplamı jarıq ko`rdi.

K.Raxmanov o`z qosıqları menen shayır ha`m onın` ja`miyettegi tutqan ornı, shayırdın` azamatlıq wazıypası haqqında pikirlerin bildiredi.

Kel, oqıwshım, jazılısıp bulqıyın!
Bulqımasam ishte turar bir tu`yin,
Poeziya bag`ı mag`an qa`dirdan,
Basqa bag`dın` la`zzetleri bir tiyin.

Jetkenimshe uzaq boldı jollarım,

Jettim sag`an, endi anıq tolg`arım,
Men xalqımnın` ma`rtebesin yosh penen,
Jırlay alsam anıq shayır bolg`anım.

Segbir tartıp uzaq-uzaq jerlerden,
Oy ka`rwanın baslap sag`an kelgenmen,
Sa`nli etiwge bul du`n`yanın` shırayın
So`zim menen nag`ıs oyg`an zergermen!

Shayır K.Raxmanov ken` oqıwshılar jurtshılıg`ına qosıqtın` ko`rkemligine itibar beretug`ın shayır sıpatında belgili. Onın` qosıqlarında uyqas, namag`a tu`sip kete beretug`ın ırg`aq ayrıqsha orındı iyeleydi.Oy-pikir bir detal`dı ekinshi bir detal` menen qarama-qarsı qoyıw arqalı rawajlanadı ha`m bul forma shayırdın` aytajaq oyın biyma`lel jetkerip turadı.

Eki na`rse meni a`bden qıynaydı,
Eki na`rse ko`kiregime sıymaydı,
Biri onın` jurt tiksingen arsızlıq,
Ekinshisi jollardag`ı an`sızlıq.

Eki na`rse mudam jeydi janımdı,
Eki na`rse qızdıradı qanımdı,
Biri onın` adamlarg`a qıyanet,
Ekinshisi-keshirilgen jınayat

Shayırdın` usı qosıg`ının` forması bizge klassikalıq, fol`klorlıq shıg`armalardın` formasın elesletedi. Onda oy-pikirdin` rawajlanıwının` epkini ku`shli, shayır o`zinin` aytajaq oy-pikirin oqıwshının` aldında to`gip taslaydı. Shayır pikirin jumbaqlap otırmastan jaydarı beriwdi maqul ko`rgenligin bayqawımızg`a boladı. Shayır K.Raxmanovtın` sheberligi onın` oy-pikirlerdi jetkerip beriwdegi a`piwayılıg`ında ko`rinedi.

K.Raxmanov «Baxıt ha`m quyash», «Jambas qala», «Sen haqqında qosıq», «Ba`ha`r ha`m g`arrılar», «Tan` ashıg`ı», «Sho`l da`stanı», «Qardag`ı iz», «Jasasın paraxatshılıq», «Tazadan kelgen oqıwshı» poemaları menen qaraqalpaq epikalıq poeziyasına da ma`lim da`rejede o`z u`lesin qosqan talantlı shayırlarımızdan esaplanadı.

Shayır sıpatında qaraqalpaq a`debiyatına 50-jıllardın` aqırı 60-jıllardın` basında kirip kelgen K.Raxmanov 70-jıllardın` ortalarına barıp na`zik yumorlı, o`tkir dramalıq syujetler tan`lay biletug`ın dramaturg sıpatında da ta`n alındı.

K.Raxmanovtın` «O du`n`yag`a mira`t″, «Kelin», ″Eglengen ba`ha`r″, ″Tog`ız ton`qıldaq bir shin`kildek″, ″Jaralı ju`rekler″, ″Injıqtın` muhabbatı″, ″Laqqılar emlewxanada″ ha`m tag`ı basqa dramalıq shıg`armaları qaraqalpaq teatrlarının` repertuarlarınan orın alg`an. Onın` dramaları tematikalıq, janrlıq jaqtan ra`n`be ren` bolıp kelip, ideyalıq-ko`rkemlik da`rejesinin joqarılıg`ı menen de ajıralıp turadı. Ma`selen, «Jaralı ju`rekler» p`esasında urıs da`wirinin` ashshı haqıyqatlıg`ı, frontta qaharmanlarsha sawashlar alıp barg`an jawıngerlerdin` ma`rtligi menen tılda jen`istin` tezleniwi ushın ku`n-tu`n demey miynet etken awıl adamlarının`, a`sirese, jas o`spirimler menen qartayg`an g`arrı ata-analardın`, qız-

kelinsheklerdin` za`berdesligi, pida`kerligi so`z etilse, «Kelin», ″Injıqtın` muhabbatı″ komediyalarında awıl adamlarının` turmıs ta`rizi, psixologiyası, sonın` ishinde jaslardın` muhabbatı, sem`ya, turmıs ma`seleleri ken` tu`rde sa`wlelendiriledi. Eger «O du`n`yag`a mira`t″, «Kelin», ″Tog`ız ton`qıldaq bir shin`kildek″, ″Injıqtın` muhabbatı″, ″Laqqılar emlewxanada″ dramalıq shıg`armaları mısalında a`jayıp komediya, tragik komediyalardın` u`lgisin bergen bolsa, ″Eglengen ba`ha`r″,″Jaralı ju`rekler″ shıg`armaları arqalı tamashago`ylerdin` yadında uzaq waqıt saqlanıp qalatug`ın o`tkir syujetli muzıkalı dramalar jarattı.

Dramaturg K.Raxmanov komediya janrının` jetik sheberi. Onın` komediyalarında milliy koloritti jaratıwg`a, yumor-satiralıq syujetler menen obrazlar tan`lawg`a ayrıqsha itibar beredi. Qaraqalpaqtın` ushırma so`zlerin komediyalarında sheber paydalanıwı arqalı «Laqqılar emlewxanada» p`esasında Palım, Da`wen, Nurman, Doxodbay, Alpamıslardın`, al «Injıqtın` muxabbatı» komediyasında G`arrıbay, Irısgul ha`m t.b. komik obrazların jaratıp, tamashago`ylerdin` qa`lbine mo`rledi.

K.Raxmanov jazıwshı sıpatında da tabıslı qa`lem terbetti. Onın` «No`ser», «Ayralıq qosıg`ı», «O`mir ha`m o`lim» povest`leri menen bir qatarda «Aqıbet», «Tung`ısh muxabbat», «Saqal» yamasa payg`ambar jasındag`ı ku`yew» atlı romanları jarıq qo`rdi. Jazıwshının` «No`ser», «Ayralıq qosıg`ı», «O`mir ha`m o`lim» povest`leri menen «Aqıbet» romanı «Qaraqalpaqstan» baspasında 1993-jılı «Aqıbet» degen at penen ja`riyalandı. «Tung`ısh muxabbat» romanı «A`miwda`r`ya» jurnalının` 2004-jılg`ı sanında ja`riyalang`an bolsa, sol jurnaldın` 2007-jılg`ı sanlarında ja`riyalang`an «Saqal» romanı, 2010-jılı «Payg`ambar jasındag`ı ku`yew» degen atama menen baspadan shıqtı.

K.Raxmanovtı jazıwshı sıpatında tanıtqan da`slepki iri ko`lemli prozalıq shıg`armsı «No`ser» povesti bolıp tabıladı. İlimpaz Q.Kamalovtın` pikiri boyınsha «No`ser» povestinde «jaslıq muhabbattın` jalınlı da`rti» sebepli bir-birine qosıla almag`an eki jastın` sa`tsiz muxabbatı so`z etiledi. Jazıwshı Atajan obrazı arqalı turmısqa jen`il qarawshı, ayırım oysız, kewli soqır jaslardı a`shkara etse, Ayjan obrazı arqalı na`psi ba`lesin jılawlay almay, tek ata-anasının` ju`zlerine shirkew salıp qoymay, ulıwma insan degen ullı atqa daq tu`sirip, o`z o`mirlerin qurban etip atırg`an ayırım jen`iltek jaslardı qattı sıng`a aladı. Povest` jaslardı o`z o`mirlerine biyparıq qaramawg`a, turmısta oylanıp, sanalı qa`dem taslawg`a, oylanbastın` tu`bi oyran bolıp, ta`g`dir no`serinin` suwıq tamshıları astında qalmawg`a shıqırıp turadı.

Jazıwshının` povest`lerinde jaslıq, muxabbat, ayralıq, opasızlıqlar menen qa`telikler, tag`ı-tag`ı usınday qıyır-shıyırlı o`mir jollarındag`ı san a`lwan ta`g`dirler teren` lirizm arqalı beriledi.

Al «Aqıbet» romanında bolsa adamgershilik soqpag`ınan adasqan insapsızlıq, du`n`yaparazlıq, keri ta`lim-ta`rbiya, ulıwma ko`zsizlik, oysızlıqtın` aqıbeti ko`rkemlik penen so`z etiledi.

K.Raxmanovtın` «Payg`ambar jasındag`ı ku`yew» romanında insan o`mirinin` sonday qısqa ekenligi ha`m bul o`mirdi insan mazmunlı jasawı kerekligi tuwralı

pikirlerin bildiredi.

Solay etip, jazıwshı K.Raxmanov g`a`rezsizlik da`wirinde de proza janrında tabıslı qa`lem terbetti. A`tten`, sum a`jel Ken`esbay ag`a Raxmanovtı aramızdan erterek alıp ketti, biraq, onın` ekinshi o`miri dawam etpekte. Ol talant iyesinin` perzentleri ha`m perzentlerindey a`ziyz shıg`armaları.

K.Raxmanovtın` 70-jıllıg`ına arnalıp 2012-jılı «Qaraqalpaqstan» baspasında jarıq ko`rgen «Tung`ıshımız qız bolsa …» degen qosıqlar toplamına shayır ag`amızdın` jeti perzentinin` tung`ıshı Dilbar Raxmanovanın` «A`ke wa`siyatı» degen alg`ı so`zin oqıy otırıp, talantlı shayır, jazıwshı, dramaturgtin` ekinshi o`mirinin` de abat bolıwına tolıq isenesen`, sebebi talant iyesinin` izinde qalg`an zayıbı ha`m perzentleri ata wa`siyatına sadıq bolıp, ol du`n`yadan qaytqannan keyingi segiz jıl ishinde eki kitabın shıg`arıp u`lgergen, bul qaraqalpaq kitap oqıwshılarına u`lken sawg`a bolıwı so`zsiz.

K.Raxmanovti'n` o`miri ha`m do`retiwshiligi degen temani' u`yreniwge uli'wma bilim beretug`i'n orta mekteplerdin` 9-klasslari'nda u`shinshi sherekte 1 saat aji'rati'lg`an.

| Q.t. | temalar | waqti' | saat | Esletpe |
|---|---|---|---|---|
| 48 | K.Raxmanovti'n` o`miri, do`retiwshiligi. Dramalari' | 15-mart 2013 | 1 | |

Bul temani' oqi'ti'wda ha`r qi'yli' usi'llardi' paydalani'w mu`mkin. Birinshiden, da`stu`riy sabaqlar arqali' K.Raxmanovti'n` do`retiwshiligin u`yretiwimiz mu`mkin. Da`stu`riy sabaq u`lgisi:

K.Raxmanovti'n` o`miri, do`retiwshiligi. Dramalari'.

Maqseti:

Bilim beriwshilik – XX a`sir qaraqalpaq a`debiyati'ni'n` wa`kili K.Raxmanovti'n` do`retiwshiligi menen oqi'wshi'lardi' toli'q tani'sti'ri'w;

Ta`rbiyali'q – Shayi'r, dramaturg ha`m jazi'wshi' K.Raxmanovti'n` ko`rkem shi'g`armalari' mi'sali'nda oqi'wshi'larda patriotizm, gumanizm ha`m t.b. sezimlerdi ta`rbiyalaw;

Rawajlandi'ri'wshi'li'q - Oqi'wshi'lardi'n` so`ylew ma`deniyati'n rawajlandi'ri'w, olardi'n` sana-sezimin rawajlandi'ri'w.

Sabaq metodlari': Mug`allimnin` so`zi, soraw-juwap

Sabaqti' qurallandi'ri'w: sabaqli'q, K.Raxmanovti'n` ko`rkem shi'g`armalari'

Ko`rgizbeli qurallar: Vizual ko`rgizbeli prezentatsiya, K.Raxmanovti'n` portreti

Sabaqti'n` bari'si':

I.Sho`lkemlestiriw

Oqi'wshi'lar menen sa`lemlesiw, olardi'n` sabaqqa qatnasi'n barlaw, klassti'n` sabaqqa tayarli'g`i'n tekseriw.

II. U`yge tapsi'rmani' soraw

U`yge tapsi'rmag`a T.Ma`tmuratovti'n` «Jaqsi' adamni'n` ju`regi» ha`m «Menin` juldi'zi'm» poemalari'n oqi'p keliw, «T.Ma`tmuratov-jaqsi'li'qti'n` ji'rshi'si'» ma`selesine jeke pikirlerin jazi'p keliw.

Mug`allim oqi’wshi’lardan to`mendegishe sorawlar beredi:

«Jaqsi’ adamni’n` ju`regi» poemasi’ni’n` mazmuni’?

Poemani’n` qaharmanlari’na si’patlama berin` ?

Poemani’n` basli’ ideyasi’?

«Menin` juldi’zi’m» poemasi’ni’n` mazmuni’?

Poemani’n` qaharmanlari’na si’patalama berin`?

Poemani’n` basli’ ideyasi’?

Mug`allim usi’ sorawlarg`a juwap alg`anda alti’ oqi’wshi’ni’ bahalawi’ mu`mkin, eger bul jetkiliksiz bolsa, mug`allim oqi’wshi’lardi’n` «T.Ma`tmuratov-jaqsi’li’qti’n` ji’rshi’si’» ma`selesine jeke pikirlerin ti’n`lawi’ mu`mkin ha`m sol arqali’ ja`ne oqi’wshi’larg`a baha qoyi’wi’ mu`mkin.

III.Taza temani’ tu`sindiriw

Mug`allim o`tken tema menen taza temani’ baylani’sti’rg`an halda baslaydi’, ma`selen, o`tken sabaqta biz T.Ma`tmuratovti’n` do`retiwshiligi menen tani’sqan edik, ol alpi’si’nshi’ ji’llari’ qaraqalpaq a`debiyati’na kirip kelgen talantli’ shayi’r edi, sol da`wirde qaraqalpaq a`debiyati’na qa`dem taslag`an ko`rkem so`z sheberlerinin` biri K.Raxmanov. Bu`gingi sabaqta bizler K.Raxmanovti’n` o`miri, do`retpeleri. Dramalari’ menen tani’sami’z. Mug`allim taza temani’ taxtag`a jazadi’. Oqi’wshi’lardi’n` di’qqati’n bir jerge ja`mlep taza temani’ tu`sindiredi. Da`slep K.Raxmanovti’n` portretin ko`rsetedi, keyin K.Raxmanovti’n` kitaplari’ni’n` ko`rgizbesin sho`lkemlestirip, K.Raxmanovti’n` kitaplari’n birme-bir ko`rsetiwi mu`mkin. Usi’ basqi’shlardan son` K.Raxmanovti’n` o`miri, do`retiwshiligi boyi’nsha uli’wma mag`li’wmatlar berip, keyin dramali’q shi’g`armalari’na ayri’qsha toqtap ketse boladi’. Taza temani’ tu`sindiriw basqi’shi’nda mug`allim vizual prezentatsiyani’ paydalani’wi’ mu`mkin. Eger prezentatsiya xabar beriw degendi an`latsa, viziual prezentatsiya mag`li’wmatlardi’ ko`rgizbeli formada jetkerip beriw degendi an`latadi’.

Vizual prezentatsiya qollani’lg`an sabaq dawami’nda tiykari’nan mug`allimnin` so`zi ti’n`lanadi’.

Na`tiyjeli prezentatsiya o`tkeriw ushi’n so`ylegende ba`rqulla isenimli boli’w, ani’q , da`l so`ylew, pikirdi juwmaqlang`an fraza menen bayanlaw, a`hmiyetli jerin intonatsiyag`a tu`siriw, bir tempta ha`m a`ste so`ylemew, biraq qatti’ da dawi’s ko`termew, a`depli ha`m ziyrek boli’w, ashi’wshaq bolmaw, barqulla ku`limsiregen halda baslaw ha`m juwmaqlaw, biraq bug`an arti’qsha jol qoymaw, to`mendegi so`z dizbeklerin qollanbaw: «Mu`mkin bolsa», «Oni’ kim biledi?», «Mu`mkin» ha`m t.b. Bunday so`zler sizin` shi’g`i’p so`ylewin`izde o`zine isenim bolmawi’n keltirip shi’g`aradi’ ha`m o`zin`izge isenimdi jog`altasi’z, ko`riw kontakti’n (baylani’sti’) saqlawg`a ha`reket qi’li’w, ti’n`lawshi’larg`a qarawg`a ha`reket islew (ha`r bir qatnasi’wshi’g`a 3 sekundtan), ayaqti’ ayqasti’rmaw, qoldi’ arqada uslamaw, stolg`a su`yenbew, arti’qsha ha`reket qi’lmaw, ruchka, markerdi oynatpaw, jelpigish, qag`az benen jelpimew ha`m t.b., ha`r bir juwap ha`m usi’ni’sti’ ha`mme waqi’t xoshametlew talaplari’ qoyi’ladi’.

Mug`allim taza temani’ tu`sindirip bolg`annan keyin taza tema boyi’nsha oqi’wshi’lardan tu`sinbegen sorawlari’ bolsa ele de ani’qraq etip sorawlarg`a juwap qaytari’wi’ kerek. Usi’ basqi’shtan son` mug`allim taza o`tilgen temani’

bekkemlew basqi’shi’n o`tkeredi. Taza temani’ bekkemlew basqi’shi’ da ha`r qi’yli’ formada o`tkerilse boladi’. Bul basqi’sh ushi’n soraw-juwap formasi’ paydalani’lsa boladi’. Mug`allim aldi’nnan tayarlani’p kelgen sorawlar boyi’nsha oqi’wshi’lar menen soraw-juwap o`tkeredi. Mi’sali’:

1.K.Raxmanovti’n` jasag`an waqti’?

2. K.Raxmanovti’n` qosi’q toplamlari’?

3.K.Raxmanovti’n` poemalari’?

4. K.Raxmanovti’n` prozali’q shag`armalari’?

5.K.Raxmanovti’n` dramali’q shi’g`armalari’?

Mug`allim sorawlardi’n` barli’g`i’na toli’g`i’ menen juwaplar ali’p bolg`annan keyin, sabaqti’ juwmaqlaw basqi’shi’na o`tiwi mu`mkin.

Sabaqti’ juwmaqlaw basqi’shi’nda mug`allim o`tilgen temani’ juwmaqlasti’ri’p boli’p, keyin ala oqi’wshi’lardi’n` juwaplari’ bahalanadi’.

Ko`rkem so`z sheberlerinin` do`retiwshiligin oqi’wshi’larg`a tek g`ana sabaq dawami’nda emes, al klasstan ti’s jumi’slar arqali’ da u`yretiw mu`mkin.

**Klasstan ti’s jumi’slari’ arqali’ K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligin u`yretiw metodikasi’**

Ko`pshilik oqi’ti’wshi’lar pedagogikali’q jumi’slari’nda klass basshi’si’ boli’p isleydi. A`dette klass basshi’si’ V klasslardan belgilenedi. Klass basshi’si’ degen jumi’s en` da`slep 1930-ji’llari’ engizildi. Bunnan aldi’n toparlarda ta`rbiyali’q jumi’slar menen mug`alliler shug`i’llanatug`i’n edi. Da`slepki klass basshi’si’ jumi’slari’ni’n` instruktsiyasi’ 1931-ji’li’ shi’g`ari’ldi’. Gruppa degen at klass atamasi’na o`tkennen keyin gruppovod termini klassni’y rukovoditel` degen at penen almasti’ri’ldi’. 1975-ji’li’ bilimlendiriw ministrligi ta`repinen «O rabote klassnogo rukovoditelya» degen metodikali’q xat ja`riyalandi’

Klass basshi’lari’ sol klassta sabaq beriwshi ta`jiriybeli oqi’ti’wshi’lardan qoyi’ladi’. Klass basshi’si’ni’n` wazi’ypasi’: sol klass oqi’wshi’lari’ni’n` ta`lim-ta`rbiyali’q islerin birlestiriw ha`m jolg`a sali’wdan,oqi’wshi’lardi’ kollektivke uyi’mlasti’ri’wdan, oni’ ta`rbiyalawdan, kollektivtegi barli’q islerdi joqari’ o`zlestiriw ushi’n gu`reske qarati’wdan, oqi’wshi’lardi’ ha`r ta`repleme kamalg`a keltiriw wazi’ypalari’n sheshiwden ibarat. Klass basshi’lari’ bul jumi’slardi’ balalar ha`m o`spirimler uyi’mi’, oqi’wshi’ jaslar sho`lkemleri, kamolot xori’, sem`ya ha`m ja`miyetshilik penen birge ali’p bari’wi’ lazi’m.

Klass basshi’si’ mektep pedagogika kollektivinin` ag`zasi’. Sol ushi’n ol joqari’dag`i’ wazi’ypalardi’ jalg`i’z o`zi emes al usi’ klassta basqa pa`nlerden sabaq ali’p bari’wshi’ oqi’ti’wshi’lar menen birgelikte ori’nlaydi’. Klasstag`i’ ta`rbiyali’q jumi’slardi’ sho`lkemlestiriwshi, oqi’wshi’lardi’n` birinshi ta`rbiyashi’si’ bolg`an klass basshi’si’ oqi’wshi’lardi’ tu`rli klass ji’ynali’slari’n o`tkeriwdi, oqi’wshi’lar konferentsiyasi’n sho`lkemlestiriwdi, oqi’wshi’lardi’ ja`miyetlik paydali’ jumi’slarg`a tarti’wdi’, disput, ekskursiya t.b. o`tkeriwdi sho`lkemlestiredi, wazi’ypalardi’ bo`listiredi, o`zbetinshe is etiwdi ta`miyenleydi.

Klasstag`i’ ta`rbiyali’q jumi’slar g`ana emes, al oqi’w isleri de, oqi’wshi’lardi’n` bilim da`rejesin asi’ri’w, biliw qa`biliyetligin jetilistirip bari’w da klass basshi’si’ni’n` di’qqat itibari’nda boladi’. Biraq bul ma`selelerge ol en` aldi’ menen ta`rbiyashi’ si’pati’nda qatnas jasaydi’. Ol klassta oqi’w sapasi’n

jaqsi’lawg`a barli’q mu`mkinshiliklerden paydalanadi’ ha`m usi’ klassta sabaq beriwshi oqi’ti’wshi’larg`a ta`rbiya qurallari’ arqali’ ja`rdem beredi. Bul ja`rdem oqi’wshi’larda oqi’w wazi’ypasi’na baylani’sli’ sapali’ ha`m na`tiyjelilik penen qatnasta boli’wdi’ ta`rbiyalaw, oqi’w protsessinde oqi’wshi’lardi’n` o`z-ara ja`rdemin jolg`a sali’w, olardi’ mektep ku`ndelik rejimine baylani’sli’ a`mel etiwge u`yretiw arqali’ a`melge asi’ri’li’p baradi’.

Klass basshi’si’ si’pati’nda pa`n oqi’ti’wshi’lari’ menen birgelikte ta`rbiya isi bag`darlamasi’n islep shi’g`adi’, ta`lim menen ta`rbiyani’n` birligin ta`miyenleytug`i’n konkret jol ha`m ilajlardi’ ani’qlaydi’. Bunda ol klass ja`ma`a`tinin` ku`shi ha`m imkaniyatlari’n, qi’zi’g`i’wi’n, ha`r bir oqi’wshi’ni’n` individual ayi’rmashi’li’qlari’n esapqa alg`an jag`dayda jumi’s ali’p baradi’.

Klass basshi’si’ qanday sharayatta islemesin ha`m qaysi’ klassqa basshi’li’q etpesin ol ta`rbiyali’q isler protsessinde oqi’wshi’ jekke shaxsti’ ha`r ta`repleme kamal tapti’ri’w, olarda ja`miyetlik aktivlilikti rawajlandi’ri’wg`a ayri’qsha itibar beredi.

Oni’n` pu`tkil jumi’slari’ adamgershilk ta`rbiyani’n` tiykarg`i’ maqsetine boysi’ndi’ri’ladi’. Bul wazi’ypa ta`rbiya isine kompleks qatnasta boli’w, ideyali’q-siyasiy, miynet ha`m moralli’q ta`rbiyani’ bir-biri menen ti’g`i’z baylani’sti’ri’p ali’p bari’w joli’ menen g`ana tabi’sli’ a`melge asi’ri’ladi’.

Klass basshi’si’ jumi’si’ni’n` o`zine ta`n ta`repi sonda, ol oqi’wshi’lar xi’zmetin barqulla ma`lim maqsetlerge bag`darlap bari’wi’, ja`miyetlik maqsetlerdi balalar kollektivinin` ani’q wazi’ypalari’ ha`m isine aylandi’ri’wi’ lazi’m. Klass basshi’si’ni’n` o`zine ta`n ayi’rmashi’li’qlari’, biri pedagogikali’q isenim. Ol o`zi basshi’li’q etip ati’rg`an balalar kollektivinin` ha`rbir ag`zasi’na isenim menen qarawi’ olardi’n` ha`r birinde ma`lim tarawg`a baylani’sli’ qa`biylet ha`m talanti’ ko`riwi, olardi’n` ha`rbirin keleshekte ja`miyetimiz ushi’n paydali’ adam boli’p jetilisiwine isenimi bekkem boli’wi’ kerek. Bul o`z gezeginde oqi’wshi’larda oqi’wshi’larda ha`m o`zlerinin` ku`sh ja`ne qa`biyletligine qatnasta isenimnin` payda boli’wi’na oqi’wshi’lardi’n` ele ma`lim bolmag`an ayi’rmashi’li’q belgilerinin` ju`zege shi’g`i’p bari’wi’na oni’n`, ja`miyetlik qa`liplesiwine ja`rdem beredi.

Klass basshi’si’ ushi’n sho`lkemlestiriw qa`biyleti og`ada za`ru`r. Oqi’wshi’lardi’ duri’s ta`rbiyalaw ha`m ta`rbiyali’q jumi’slardi’n` na`tiyjeligin ta`miyinlew ko`pshilik jag`dayda oqi’wshi’ shaxsti’n jaqsi’ biliwge baylaani’sli’. Sol ushi’n klass basshi’si’ o`z klassi’nda oqi’p ati’rg`an ha`r bir oqi’wshi’ni’ jaqsi’ biliwi oni’n` (shaxsti’n`) jeke ayrmashi’li’qlari’, qi’zi’g`i’wi’, ta`rbiyalani’w da`rejesi unamli’,unamsi’z ta`repleri, sem`yasi’ndag`i’ jasaw sharayati’ t.b. haqqi’ndag`i’ ani’q mag`li’wmatlarg`a iye boli’wi’ kerek.

Klass basshi’si’ oqi’wshi’ni’ u`yreniw protsessinde oni’n` to`mendegi ayi’rmashi’li’qlari’n esapqa ali’wi’ lazi’m.

Oqi’wshi’ haqqi’ndag`i’ uli’wma mag`li’wmatlar, balani’n` biografiyasi’, balani’n` sem`ya jag`dayi’, balani’n` den-sawli’g`i’ haqqi’nda mag`li’wmat t.b.

Oqi’wshi’ni’n` uli’wma jetiskenlik da`rejesi: oqi’w, u`yreniwge qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’, so`z mug`dari’,sapasi’,so`zqori’ shamasi’, o`z betinshe islewm, klasstan ti’s jumi’sqa, ma`deniy mekemelerge, sportqa mu`na`siybeti.

O`zlestiriw jag`dayi’: pa`nge qi’zi’g`i’wi’, qaysi’ pa`nlerden qi’ynaladi’, jaqsi’ o`zlestriwi ushi’n ne islewi kerek.

Qi’zi’g`i’wi’ ha`m qa`biyleti: Ilim ha`m texnikag`a, iskusstvo ha`m a`debiyatqa, sportqa qi’zi’g`i’w da`rejesi ha`m xarakteri, (sport do`gerekleri, mektepten ti’s ta`rbiya mekemelerine qatnasi’wi’. h. t. b.)oqi’wshi’ni’n` qi’zi’g`i’wi’ ma`lim bir ka`sipke baylani’sli’ ma ha`m t.b.

Oqi’wshi’ ta`rtibi da`rejesi: oqi’wshi’lar qag`i’ydasi’n twsinip alg`an ba, og`an ilaj isleyme, ma`deniy minez-qulqi’ normalari’na, gigena talaplari’na a`detlengenbe, oqi’wshi’ minez-qulqi’nda qanday kemshilikler bar t.b.

Oqi’wshi’ni’n` ja`miyetlik jumi’slari’: klass ha`m mekteptin` ja`miyetlik jumi’slari’na qatnasama, tapsi’rmalardi’ haq niyette aqi’ri’na shekem ori’nlayma; Sho`lkemlestiriwshilik qa`biliyeti barma: oqi’wshi’ni’n` kollektivtegi orni’: klass kollektivi menen baylani’si’ qanday, klass oqi’wshi’lari’ni’n` og`an sali’sti’rg`andag`i’ qatnasi’, dosti’, klass ja`ma`a`ti arasi’ndag`i’ abroyi’ t. b.

Oqi’wshi’ jekke shaxsi’ni’n` tiykarg`i’ ayi’rmashi’li’qlari’: oqi’wshi’ni’n` milliy g`a`rezsizlik ideyada boli’wshi’li’g`i’, ideali’ ha`m umti’li’w maqsetleri, so`z benen is-ha`reket birligi,oqi’wi’ ha`m ja`miyetlik jumi’slari’ni’n` motivi.

Oqi’wshi’ni’n` ideyali’q pa`zi’yletleri ma`mleketimizdin` ja`miyetlik waqi’yalari’na qi’zi’g`i’wi’, Watang`a muhabbat, minnet ha`m juwapkershilik sezimleri, tuwri’li’q, haq kewillilik, a`dalatli’li’q, printsipialli’q ha`m ustamli’li’g`i’, ata-anasi’, basqa tuwi’sqanlari’, doslari’ ha`m oqi’ti’wshi’si’na mu`na`sebeti. Xarakterindegi erk ayi’rmashi’li’qlari’: (maqsetke umti’li’wshan`li’g`i’, o`zbetinshe is ali’p bari’wi’, initsiativali’li’g`i’, uyi’mlasi’wshi’li’g`i’, o`zin tuta biliw, o`zine isenim, talapshan`li’q, ma`rtlik). Oqi’wshi’ni’n` ha`reketshen`ligi ha`m psixikali’q sha`rtnamali’qlari’: (sorawlarg`a tez yaki kem juwap beriwi, jumi’s tempi, aqi’l ha`m sezimlik jag`daylari’ni’n` ayi’rmashi’li’g`i’, so`zi, di’qqati’, yadi’, sezimi t.b. ) qanday.

Bular klass basshi’lari’ ushi’n uli’wma bag`darlar. Klass basshi’si’ ji’l aqi’ri’nda ha`r bir oqi’wshi’g`a minezleme jazg`anda usi’ bag`darda ayi’ri’m ori’nlari’na tiykarlani’wi’ mu`mkin .

Klassti’n` oqi’wshi’lar ja`ma`a`tin sho`lkemlestiriw ha`m ta`rbiyalaw klass jumi’slari’ni’n` orayi’nda turadi’. Sebebi klassta bekkem ja`ma`a`t jarati’lmag`ansha oqi’w-ta`rbiya jumi’slari’nan ku`tken na`tiyjelerge erisiw qi’yi’n. Sonli’qtan klass basshi’si’nda aldi’ menen klassta bekkem kollektiv do`retiwge ha`m oqi’wshi’lardi’ ja`ma`a`tte ta`rbiyalawg`a di’qqat beriwi lazi’m. Usi’nday jag`dayda klass basshi’si’ o`z abrayi’ni’n` ku`shi menen g`ana emes, al klass ja`ma`a`tinde ja`miyetshilik pikirin qa`liplestiriw joli’ menen de ta`sir etedi. Klass ja`ma`a`ti ta`siri qurali’nda oqi’wshi’larg`a bilim ali’w tarawi’ndag`i’ minnetlerine, ja`miyetlik payda miynetke, ta`rtip ha`m o`zlestiriw islerine ma`lim qatnas ta`rbiyalanadi’.

Klasstan ti’s jumi’slardi’ o`tkeriw ha`m sho`lkemlestiriwde klass basshi’lari’ ko`birek sabaqtan ti’s waqi’tlari’ aylani’sadi’. Oqi’wshi’lardi’ klasstan ti’s ta`rbiyali’q jumi’slarg`a tarti’w olardi’n` sabaq protsessinde alg`an bilimlerin ja`nede bekkemlew, turmi’sqa asi’ri’w, oqi’wshi’larda en` jaqsi’ etikali’q pazi’yletlerdi payda etiwge ha`m do`retiwshilik qa`biletlerin ja`ne de

rawajlandi’ri’wg`a ken` imkaniyat beredi. Usi’ sebepli oqi’wshi’lardi’ klasstan ti’s ali’p baratug`i’n ta`rbiyali’q jumi’slarg`a tarti’w klass basshi’si’ jumi’slari’ni’n` tiykarg`i’ bo`limi.

Klasstag`i’ ha`r bir oqi’wshi’ni’n` umti’li’wi’, qi’zi’g`i’wi’ tu`rlishe boli’wi’ mu`mkin. Bir oqi’wshi’ sportqa ju`da` qi’zi’qsi’nadi’, al ko`rkem-o`nerge qi’zi’qpaydi’, bir oqi’wshi’ texnikag`a qi’zi’g`adi’ al ko`rkem a`debiyatqa qi’zi’qpaydi’. Bunday oqi’wshi’lar uli’wma ma`deniy rawajlani’wdan artta qaladi’. Klass basshi’si’ usi’nday jag`daylardi’ esapqa almag`i’ lazi’m.

Klasstan ti’s jumi’slardi’n` bir formasi’ si’pati’nda do`gerek jumi’slari’n atap o`tse boladi’.

Pa`n do`gereklerin ali’p baratug`i’n mug`allim oqi’wshi’larg`a do`gerektin` jobasi’ boyi’nsha «K.Raxmanovti’n` o`miri ha`m do`retiwshiligi» degen temada o`tkeriliwin eskertedi.

JOBA:

1. K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligi.
2. K.Raxmanovti’n` poeziyasi’
3. K.Raxmanovti’n` dramaturgiyasi’
4.K.Raxmanovti’n` prozasi’

II bo`lim

K.Raxmanovti’n` poeziyasi’ boyi’nsha ko`rkem oqi’w sho`lkemlestiriledi.

1. «Watani’m» qosi’g`i’n yadqa ayti’w.
2. «Edel`veys gu`lleri» qosi’g`i’n ko`rkem oqi’w.
3. «Tazadan kelgen oqi’wshi’» poemasi’nan u`zindi ko`rkem oqi’w.

Klasstan ti’s jumi’slardi’n` ja`ne bir formasi’ bul ko`rkem so`z sheberlerinin` do`retiwshiligine bag`i’shlang`an a`debiy kesheler, konferentsiyalar boli’p tabi’ladi’.

A`debiy keshelerdin` ko`pshiliginde shayi’rdardi’n` do`retiwshiligine baylani’sli’ ko`rgizbe mu`yeshleri sho`lkemlestiriledi. Bul ko`rgizbeler oqi’wshi’lardi’n` qaraqalpaq a`debiyati’na bolg`an bilimin ha`m ko`z qaraslari’n teren`lestiriledi. Mi’sali’ shayi’rdi’n` poeziyasi’na baylani’sli’ izertlew jumi’slar, monografiyalar, su`wretler al`bomlar toplamlar ori’n aladi’. Poeziyali’q shi’g`armalardi’ u`yretiwdin` ja`ne bir tu`ri diywali’ gazeta ha`m jurnal arqali’ a`melge asi’ri’ladi’. Diywali’ gazetani’n` atamasi’ do`gerek ag`zalari’na ha`m oqi’wshi’lardi’n` qatnasi’nda «Jas a`debiyatshi’», «G`umsha», «Jetkenshek», «Bilim bulag`i’», «So`z g`a`ziynesi» ha`m tag`i’ basqa atamalarda qoyi’li’w mu`mkin. Gazetani’n` mazmuni’ oqi’wshi’lardi’n` jazg`an poeziyali’q do`retpeleri tiykari’nda boladi’. Qosi’qlari’ni’n` tematikasi’, tazali’q, ta`rtip, u`lgili oqi’wshi’, ustaz, mektep, ta`biyat, ata-ana, adamgershilik haqqi’nda jazi’ladi’.

Qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` mug`allimi gazetani’n` redkollegiya ag`zalari’na to`mendegidey jag`daylarda basshi’li’q etiwi mu`mkin:

1. Mektepte shi’g`ari’latug`i’n diywali’ gazetani’n` jobasi’ du`ziledi, og`an maqalalar toplawg`a basshi’li’q etiledi. Ol gazetag`a kelip tu`sken lirikali’q ha`m si’n maqalalardi’n` temasi’n, sapasi’n tan`lawg`a ja`rdemlesedi.

2. A`debiyat mug`allimi gazetani’n` sapasi’ haqqi’nda redkollegiya ag`zalari’na tu`sinik berip baradi’. Oqi’wshi’lardi’n` do`retiwshilik islerine ko`mek beredi. Poeziyali’q shi’g`armalardi’n` sapasi’n, janrli’q qa`siyetlerin ani’qlaydi’.

3. A`debiyatshi’ mug`allim diywali’ gazetag`a jaylasqan materiallardi’n` stil`lik, orfografiyali’q irkilis belgileri boyi’nsha qa`te-kemshiliklerdi ko`rip shi’g`adi’.

4. A`debiyatshi’ mug`allim mekteptegi diywali’ gazetani’n` xabarshi’lari’n ani’qlap alg`annan keyin, olar menen gazetani’n` sapali’ shi’g`i’wi’ keyin, olar menen gazetani’n` sapali’ shi’g`i’wi’ ushi’n gu`rrin` o`tkeredi. Ma`selen a`debiyatshi’ mug`allim poeziyali’q shi’g`armalardi’ qalay jazi’w kerekligin tu`sindiredi, belgili shayi’rlar A.Muwsaev, S.Majitov A.Dabi’lov, S.Nuri’mbetov, J.Aymurzaev, I.Yusupov, B.Qayi’pnazarov, T.Ma`tmuratov. K.Raxmanov ha`m t.b. So`z sheberlerinin` shi’g`armalari’n ko`birek oqi’w kerekligin, olardan u`lgi ali’w za`ru`rligin eskertip o`tedi.

Mektepte klasstan ti’s jumi’slar ju`da` qi’zi’qli’ ha`m ta`sirli o`tiliwine a`debiyatshi’ mug`allimlerdin` ta`siri boladi’. Klasstan ti’s jumi’sti’n` barli’q tu`rleri de qaraqalpaq a`debiyati’n teren`irek u`yreniwge bag`darlaydi’. Solardi’n` ishinde do`gerek jumi’si’ joqari’da aytqani’mi’zday u`lken a`hmiyetke iye.

Oqi’wshi’lardi’n` klasstan ti’s jumi’slarg`a qi’zi’qti’ri’wdi’n` ja`ne bir tu`ri – a`debiyat mug`allimi oqi’wshi’lardi’ sabaqtan bos waqi’tlari’ a`debiy keshelerge, shayi’rlar menen ushi’rasi’wg`a a`debiyat ha`m a`debiyat haqqi’nda qi’zi’qli’ lektsiyalarg`a, kinoteatrlarg`a qatnasti’ri’p turi’wi’ lazi’m. Demek klasstan ti’s jumi’slar - bul oqi’wshi’lardi’n` qaraqalpaq a`debiyati’n bag`darlama tiykari’nda teren`irek u`yrenetug`i’n usi’llar ha`m metodikali’q jumi’slar boli’p esaplanadi’

Biz No`kis qaalali’q bilimlendiriw bo`limine qarasli’ №7 uli’wma bilim beriw mektebinde 2012-ji’ldi’n` 26-avgusti’nan 2013-ji’ldi’n` 24-yanvar` arali’g`i’nda pedagogikali’q a`meliyatta bolg`an waqti’mi’zda klasstan ti’s jumi’slardi’n` ha`r qi’yli’ formalari’ menen tani’sti’q ha`m bizler bekitilgen pa`n oqi’ti’wshi’lari’ni’n` basshi’li’g`i’nda a`debiyat do`gereginin` jumi’slari’na, mektep ko`leminde o`tkeriletg`i’n ha`r qi’yli’ konkurslardi’n` bari’si’, a`debiy keshenin` tayarlani’wi’, o`tkeriliwinde tikkeley qatnasti’q. A`debiy keshemiz talantli’ qaraqalpaq shayi’ri’ K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligine bag`i’shlandi’ ha`m «Ken`esbay Raxmanov - shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’» degen atama menen o`tkerildi. Bul kesheninin` is jobasi’ to`mendegishe du`zildi:

**No`kis qalalali’q Xali’q bilimlendiriw bo`limine qarasli’ №7 uli’wma bilim beriw mektebinde qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakul`teti 4 «a» kurs a`meliyatshi’lari’ ta`repinen o`tkeriletug`i’n «**Ken`esbay Raxmanov-shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’**» atli’ a`debiy keshesinin`**

**I S J O B A S I**

Keshenin` o`tkeriletug`i’n waqti’: 21-yanvar` 2013-ji’l

Keshenin` o`tkeriletug`i’n orni’: No`kis qalalai’q XBB qarasli’ №7 mektep

Qatnasi’wshi’lar: Oqi’ti’wshi’lar, peda`meliyatshi’lar, oqi’wshi’lar

Keshenin` maqseti: Qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` en` talantli’ wa`killerinin` biri Ken`esbay Raxmanovti’n` do`retiwshiligi boyi’nsha oqi’wshi’larg`a tu`sinik

beriw, shayi’rdi’n` namag`a tu`sken qosi’qlari’ arqali’ oqi’wshi’larda go`zzalli’q sezimlerin ta`rbiyalaw, klasstan ti’s o`tkeriletug`i’n kesheler arqali’ oqi’wshi’lardi’n` ko`rkem a`debiyatqa, keshe arqali’ K.Raxmanovti’n` shi’g`armalari’na qi’zi’g`i’wshi’li’qti’ artti’ri’w boli’p tabi’ladi’.

«Ken`esbay Raxmanov- shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’»
atli’ a`debiy keshe bag`darlamasi’

**Kirisiw**

Baslawshi’: Assalawma a`leykum hu`rmetli ustazlar, qi’mbatli’ oqi’wshi’lar, a`ziyz miymanlar!

Baslawshi’: «Ken`esbay Raxmanov - shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’» atli’ a`debiy keshege xosh kelipsiz!

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ gimni atqari’ladi’.

Baslawshi’: Bu`gingi «Ken`esbay Raxmanov- shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’» atli’ a`debiy keshemizdi ashi’p beriw ushi’n so`z mektep direktori’ B.Karamatdinovqa beriledi.

Baslawshi’: Bu`gingi «Ken`esbay Raxmanov- shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’» atli’ a`debiy keshemiz bir qansha basqi’shlardan ibarat.

**I basqi’sh «**Ken`esbay Raxmanov- shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’**» degen temada bayanat**

Bayanatshi’: Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ pa`ni boyi’nsha a`meliyatshi’ P.Tajetdinova.

**II basqi’sh «**Ken`esbay Raxmanov-talantli’ shayi’r**» (Shayi’r qa`lemine tiyisli shi’g`armalardi’ ko`rkemlep oqi’w)**

Atqari’wshi’lar: No`kis qalali’q №7 mektep oqi’wshi’lari’

**III basqi’sh** K.Raxmanovti’n` komediyalari’ tiykari’nda saxnali’q ko`rinis

Atqari’wshi’lar: A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’, qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakul`tetinin` 4 «a» kurs a`meliyatshi’lari’

**IV basqi’sh kontsert bag`darlamasi’**

Atqari’wshi’lar: A`meliyatshi’lar, mektep oqi’wshi’lari’

**Juwmaq**

Baslawshi’: Hu`rmetli ustazlar, qi’mbatli’ oqi’wshi’lar, a`ziyz miymanlar usi’ni’n` menen talantli’ so`z sheberi K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligine bag`i’shlang`an «Ken`esbay Raxmanov- shayi’r,dramaturg, jazi’wshi’» atli’ a`debiy keshemizdi juwmaqlaymi’z.

Ha`r qanday klasstan ti’s jumi’s, ol a`debiy keshe boladi’ ma, do`gerek ma`jilisi boladi’ ma, konkurs boladi’ ma, konferentsiya bola ma, qullasi’ ilaj juwmaqlang`annan keyin oni’n` talqi’lawi’ o`tkeriliwi tiyis ha`m tiyisli pikirler, iliajdi’ o`tkeriw bari’si’ndag`i’ unamli’ ta`repler menen jol qoyi’lg`an kemshiliklerdin` analizi isleniwi tiyis, sebebi, ha`r qanday mug`allim ekinshi ma`rtebe kemshiliklerge jol qoymawg`a ha`reket jasaydi’.

**A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’, qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakul`tetinin` 4 «a» kurs studentlerinin` No`kis qalali’q Xali’q bilimlendiriw bo`limine qarasli’ №7 uli’wma bilim**

**beriw mektebinde o`tkergen «Ken`esbay Raxmanov-shayi'r, dramaturg, jazi'wshi'» atli' a`debiy keshesin talqi'law**

**PROTOKOLI**

No`kis qalasi' 21-yanvar` 2013-ji'l

Qatnasqanlar: No`kis qalali'q XBB qarasli' №7 mektep oqi'ti'wshi'lari', metodistler, a`meliyatshi'lar

**KU`N TA`RTIBINDE:**

No`kis qalalali'q Xali'q bilimlendiriw bo`limine qarasli' №7 uli'wma bilim beriw mektebinde o`tkergen «**Ken`esbay Raxmanov-shayi'r, dramaturg, jazi'wshi'**» atli' a`debiy keshesin talqi'law

TIN`LANDI: A`meliyatshi' P.Ta`jetdinova Keshenin` tiykarg`i' maqseti qaraqalpaq a`debiyati'ni'n` talantli' wa`killerinin` biri Ken`esbay Raxmanovti'n` do`retiwshiligi boyi'nsha oqi'wshi'larg`a tu`sinik beriw, shayi'rdi'n` namag`a tu`sken qosi'qlari' arqali' oqi'wshi'larda go`zzalli'q sezimlerin ta`rbiyalaw, klasstan ti's o`tkeriletug`i'n kesheler arqali' oqi'wshi'lardi'n` ko`rkem a`debiyatqa, konkret bu`gingi keshe arqali' K.Raxmanovti'n` shi'g`armalari'na qi'zi'g`i'wshi'li'qti' artti'ri'wdan ibarat edi.

A`meliyatshi'lar ati'nan soni' ayti'wi'm mu`mkin, bu`gingi keshenin` aldi'na qoyi'lg`an maqset toli'g`i' menen ori'nlandi'. Oqi'wshi'lar ta`repinen oqi'lg`an K.Raxmanovti'n` shi'g`armalari', oni'n` shi'g`armalari'na jazi'lg`an namalar, usi' qosi'qlardi'n` mektep oqi'wshi'lari' ta`repinen atqari'li'wi', K.Raxmanov do`retiwshiliginin` bilimdani' degen konkurs, sonday-aq, K.Raxmanovti'n` komediyalari' tiykari'ndag`i' saxnali'q ko`rinis mektep oki'wshi'lari'nda ko`rkem so`z sheberi do`retiwshiligine qi'zi'wshi'li'qti' artti'rdi'. Ha`r qanday ilajlar oqi'wshi'larda estetikali'q go`zzalli'qti' ta`rbiyalawi' tiyis, sol ushi'n a`debiy keshenin` o`tkeriliw orni'n bezew ma`selesine de itibar qarati'ldi', shayi'r kitaplari'ni'n` ko`rgizbesi, «A`debiyat-xali'q o`nerinin` aynasi'» degen stend, sonday-aq, «K.Raxmanovti'n` o`miri ha`m do`retiwshilgi» degen atamada bayanat oqi'lg`anda, tema boyi'nsha tayarlang`an slaydlardi'n` prezentatsiyasi' sho`lkemlestirildi.

**«Ken`esbay Raxmanov-shayi'r, dramaturg, jazi'wshi'» atli' a`debiy kesheni talqi'law bari'si'**

**No`kis qalali'q XBB qarasli' №7 uli'wma bilim beriw mektebi direktori'ni'n` ruwhi'yli'q isleri boyi'nsha ori'nbasari' B.Uzaqbaeva:** Keshe qaraqalpaq a`debiyati'ni'n` talantli' wa`killerinin` biri K.Raxmanovti'n` do`retiwshiligine baylani'sli' boldi', Keshe ju`da` mazmunli' boli'p o`tti. A`meliyatshi'lar kesheni sho`lkemlestiriw ma`selesine ayri'qsha itibar bergen, qoli'nan kelgeninshe mektep oqi'wshi'lari'n keshege tayarlag`an, o`zleri de saxnali'q ko`riniske shekem tayarlap, kesheni jaqsi' o`tkeriwge ha`m oni'n` maqsetine jetisiwge eristi. Mektep oki'wshi'lari' menen klasstan ti's jumi'slardi' ko`p o`tkeriw kerek, olardi'n` bos waqi'tlari'nda kitap oqi'wg`a

qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’w kerek, al mektepte o`tkeriletug`i’n ha`r qi’yli’ ta`dbirler bolsa oqi’wshi’lardi’n` bilimin, talanti’n elede artti’radi’. Kesheni sho`lkemlestirgen ha`m o`tkergen mektep oqi’wshi’lari’na, a`meliyatshi’larg`a, ka`sipleslerimizge tabi’slar tileymen.

**A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’ oqi’ti’wshi’si’, qaraqalpaq a`debiyati’ pa`ni boyi’nsha metodist f.i.k. E.Eshniyazova:** Ha`r qanday istin`, ila`jdi’n`, keshenin` aldi’na belgili bir maqsetler qoyi’ladi’, a`debiy keshenin` maqseti klasstan ti’s jumi’slar arqali’ mektep oki’wshi’lari’n ko`rkem a`debiyatqa qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n artti’ri’wdan ibarat edi. Bul maqsetke erisiw ushi’n a`meliyatshi’lar aldi’nda to`mendegishe wazi’ypalar qoyi’ldi’, birinshiden, «K.Raxmanovti’n` o`miri ha`m do`retiwshiligi» degen temada a`meliyatshi’ P.Ta`jetdinova ta`repinen bayanat tayarlandi’, bayanatti’n` prezentatsiyasi’ da tayarlang`an, ekinshiden, ha`r bir a`meliyatshi’ o`zine bekitilgen klasslardan K.Raxmanov do`retiwshiligi menen qi’zi’qsi’natug`i’n oqi’wshi’lardi’ izlep tabi’w, olardi’n` su`yip oqi’ytug`i’n shi’g`armalari’n qayta yadlati’w ha`m olardi’ saxnag`a ali’p shi’g`i’w, A`debiy keshenin` bir basqi’shi’nda «K.Raxmanov do`retiwshiliginin` bilimdani’» degen konkursti’n` interaktiv shi’ni’g`i’w formasi’nda o`tkeriliwi de a`meliyatshi’lardi’n` tek bilim da`rejesin ko`rsetip qoymastan, saxnadag`i’ o`zlerin uslap tuti’wi’ ha`m en` qi’zi’q jeri, olardi’n` oki’wshi’lari’ni’n` shi’n kewlinen o`z mug`allimlerin qollap-quwatlap oti’rg`ani’ boldi’, demek, a`meliyatshi’lar oqi’wshi’lari’ menen doslasi’p u`lgergen, olardi’n` hu`rmetine erise alg`an.

A`debiy kesheni o`tkeriw ushi’n sho`lkemlestiriwshiler bir qansha jumi’slar islegen, biraq, K.Raxmanovti’n` kitaplar ko`rgizbesin toli’qti’ri’w mu`mkin edi, olar shayi’rdi’n` tek bes-alti’ kitabi’ menen sheklengen, K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligin izertlew boyi’nsha ilimiy miynetlerdi de qosi’p qoyi’wg`a bolatug`i’n edi, ha`r qanday na`rseni paydalani’wda qanday bir maqset boladi’, ko`rgizbege itibar berilmey, shayi’rdi’n` kitaplari’ di’qqattan shette qaldi’.

Juwmaqlasti’ri’p aytqanda, No`kis qalalali’q Xali’q bilimlendiriw bo`limine qarasli’ №7 uli’wma bilim beriw mektebinde A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’ni’n` qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakul`teti 4 «a» kurs a`meliyatshi’lari’ ta`repinen o`tkerilgen «Ken`esbay Raxmanov-shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’» atli’ a`debiy keshesi aldi’na qoyg`an maqsetlerge erisip, talap da`rejesinde o`tti.

**QARAR:**

1. No`kis qalalali’q Xali’q bilimlendiriw bo`limine qarasli’ №4 uli’wma bilim beriw mektebinde A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’ni’n` qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakul`teti 4 «a» kurs a`meliyatshi’lari’ ta`repinen o`tkerilgen «Ken`esbay Raxmanov-shayi’r, dramaturg, jazi’wshi’» atli’ a`debiy keshesi aldi’na qoyg`an maqsetlerge eristi ha`m talap da`rejesinde o`tkerildi dep esaplansi’n.

Ma`jilis basli’g`i’: B.Karamatdinov
Xatkeri: P.Tajetdinova

Solay etip, bull bapta K.Raxmanovti’n` do`retiwshiliginin` bir saatli’q sabaq

dawami’nda ha`m klasstan ti’s jumi’slardi’n` tu`rlerinen esaplang`an do`gerek jumi’slari’nda ha`m a`debiy kesheler arqali’ u`yretiw metodikasi’ keltirilgen bolsa, keyingi bapta K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligin oqi’ti’wda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiya metodlari’nan paydalani’w ma`selesine itibar qaratami’z.

## II BAP. K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıwda aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiya usıllarınan paydalanıw

Oqıtıwshı ha`r bir sabaqtı bir pu`tinlikte ko`re biliwi ha`m onı ko`z aldına keltire alıwı ushın bolajaq sabaqtı joybarlastırıp alıwı kerek. Bunın` ushın oqıtıwshı bolajaq sabaqtın` texnologiyalıq kartasın du`zip alıwı u`lken a`hmiyetke iye, o`ytkeni sabaqtın` texnologiyalıq kartası ha`r bir tema, ha`r bir sabaq ushın oqıtılıp atırg`an predmettin` o`zgesheliklerinen, oqıwshılardın` imkaniyatlarınan ha`m za`ru`rliklerinen kelip shıqqan halda du`ziledi.

Texnologiyalıq kartanı du`ziw an`sat jumıs emes, sebebi bunın` ushın oqıtıwshı pedagogika, psixologiya, jeke metodika, pedagogikalıq ha`m informatsiyalıq texnologiyalardan xabardar bolıwı, sonday-aq, ku`ta` ko`p usıl ha`m metodlardı biliwi kerek. Ha`r bir sabaqtın` ra`n`-ba`ren`, qızıqlı bolıwı aldın ala puxta oylap du`zilgen sabaqtın` joybarlastırılg`an texnologiyalıq kartasına baylanıslı.

Sabaqtın` texnologiyalıq kartasının` qanday ko`riniste (yaki formada) du`ziliwi oqıtıwshının` ta`jiriybesi, qoyg`an maqseti ha`m ıqtıyarına baylanıslı. Texnologiyalıq karta qanday du`zilgen bolmasın, onda sabaq protsessi bir pu`tin halda sa`wlelendirilgen bolıwı ha`mde anıq belgilengen maqset, wazıypa ha`m kepillengen na`tiyje, sabaq protsessin sho`lkemlestiriwdin` texnologiyası tolıq an`latılıwın tabıwı kerek. Texnologiyalıq kartanın` du`ziliwi oqıtıwshını sabaq konspektin ken`eytilgen halda jazıwdan qutqaradı, o`ytkeni bunday kartada sabaq protsessinin` ha`mde oqıtıwshı ha`m oqıwshı iskerliginin` barlıq qırları o`z sa`wleleniwin tabadı.

**Oqi’ỹ sabag`i’ni’n` oqi’ti’ỹ texnologiyasi’ni’n` universal modeli**

**Pa`n: A`debiyat**

**Temasi’: K.Raxmanovti’n` o`miri ha`m do`retiwshiligi, dramalari’**

**9 a klass**

| | |
|---|---|
| **Oqi’ti’ỹ ỹaqti’: 1 saat** | |
| Oqi’ti’ỹ sabag`i’ni’n` strukturasi’/<br>Sabaqti’n` jobasi’ | **1. K.Raxmanovti’n` o`mirine tiyisli mag`li’wmatlar**<br>**2. K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligi**<br>**3. K.Raxmanovti’n` dramalari’** |
| **Oqi’ỹ sabag`i’ni’n` maqseti:** K.Raxmanovti’n` o`miri ha`m do`retiwshiligi, dramalari’ o`miri ha`m do`retiwshiligi, dramalari’ haqqi’nda bilimlerdi payda etiw, teren`lestiriỹ x.t.b. | |
| *Pedagogikali’q ma`seleleri:*<br>K.Raxmanovti’n` o`miri menen tani’sti’ri’ỹ, do`retiwshiligin si’patlaỹ, shi’g`armalari’ni’n` ideyali’q mazmuni’n | *Oqi’ti’ỹ ha`reketinin` na`tiyjesi:*<br>K.Raxmanovti’n` qosi’qlari’n, poemalari’n, prozali’q shi’g`armalari’n canap beredi, olardi’n` arasi’ndag`i’ ayi’rmashi’li’qlardi’ ko`rsetedi<br>K.Raxmanovti’n` ko`rkem shi’g`armalari’n toli’q si’patlaydi’<br>Shayi’r qosi’qlari’ni’n` ideyali’q-tematikali’q |

| | |
|---|---|
| tu`sindiriŷ, shi'g`armalari'ni'n` o`zgesheligin ashi'p beriŷ, ko`rkem shi'g`armalardi' tallawdi' u`yretiw. | o`zgesheliklerin atap o`tedi<br>K.Raxmanov shi'g`armalari'ni'n` mazmuni'n ayti'p beredi.<br>Prozali'q shi'g`armalari'ndag`i' qaharmanlardi'n` xarakterlerin izbe-iz ashi'p beredi |
| *Oqi'ti'ŷ usi'llari'* | Lektsiya, Aqi'li'y hu`jim ha`m t. b. |
| *Oqi'ti'ŷ jumi'si'n sho`lkemlestiriŷ formalari'* | Frontal/ja`ma`a`tlik/toparlarda islesiŷ |
| *Oqi'ti'ŷ qurallari'* | Tarqatpa materiallari', lektsiya tekstleri, flipchart, vizual material ha`m basqlar. |
| *Oqi'ti'ŷ sharayatlari'* | Arnaŷli' texnika a`spablari' menen ta`miyinlengen auditoriyalar |
| *Monitoring ha`m bahalaŷ* | Tez tu`rde soraŷ, testler, ori'nlang`an tapsi'rmalardi'n` na`tiyjelerin prezentatsiyalaŷ, ha`m t.b. |

**Oqi'ŷ sabag`i'ni'n` texnologiyali'q u`lgi kartasi'**

| **Basqi'shlar, Aji'rati'lg`an ŷaqi't** | **Jumi'sti'n` mazmuni'** | |
|---|---|---|
| | Oqi'ti'ŷshi' | Talabani'n` |
| **I basqi'sh.** Oqi'ti'ŷ protsessine kirisiŷ (5 min) | Temani'n` ati'n, maqseti ha`m ku`tiletug`i'n na`tiyjelerin jetkeredi. Temani'n` jobasi' ha`m o`zgeshelikleri menen tani'sti'radi'.<br>Tema boyi'nsha tiykarg`i' tu`siniklerdi, o`z betinshe isleŷ ushi'n a`debiyatlar dizimin beredi (№ 1 - qosi'msha)<br>Oqi'ŷ protsessinde ori'nlang`an jumi'slardi' bahalaŷ kriteriyasi' ha`m ko`rsetkishleri menen tani'sti'radi' (№2-qosi'msha). | Ti'n`laydi', jazadi'<br><br>Ani'qlasti'radi', soraŷlar beredi. |
| **II basqi'sh** Tiykarg`i' (30min) | 2.1. Blits –soraŷ, soraŷ-juŷap, aqi'li'y hu`jim arqali' bilimlerin aktivlestiriŷ(№ 3-qosi'msha)<br>2.2 A`debiyat sabag`i'ni'n` rejesi ha`m du`zilisine muŷapi'q oqi'ŷ protsessin sho`lkemlestiriŷ boyi'nsha ha`reket ta`rtibin ayti'p o`tedi: | Juŷap beredi,<br>Jazadi',<br>Toparlarda islesedi,<br>Prezentatsiya qi'ladi' ha`m t.b. |
| **III basqi'sh Juŷmaqlaŷshi'** (10 min ) | 3.1.Tema boyi'nsha juŷmaqlar shi'g`aradi', oqi'wshi'lardi'n` di'qqati'n tiykarg`i' ma`selelerge | o`zin-o`zi, o`z ara bahalaydi', |

| | | |
|---|---|---|
| | ja`mleydi, professional xi’zmetinde islengen jumi’slardi’n` a`hmiyetin ashi’p beredi.<br>3.2.Toparlardi’n` jumi’si’n bahalaydi’, oqi’ỹ maqsetine erisiỹ da`rejesin analiz etedi.<br>3.3. O`z betinshe jumi’s ushi’n tapsi’rma beredi ha`m oni’n` bahalaỹ ko`rsetkishleri, kriteriyalari’ menen tani’sti’radi’. | soraỹlar beredi,<br><br>tapsi’rmalari’n jazadi’ |

Uli’wma bilim beriw mekteplerinde K.Raxmanovti’n` do`retiwshiligin oqi’ti’wda aldi’n`g`i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’n` ha`r qi’yli’ metodlari’ menen usi’llari’nan uti’mli’ paydalani’w mu`mkin. Mi’sali’, mug`allim «K.Raxmanovti’n` o`miri, do`retiwshiligi. Dramalari’» degen temani’ vizual ko`rgizbeli qurallardi’, yamasa slaydlardi’ paydalang`an halda tu`sindirip bolg`annan son` mektep sabaqli’g`i’ndag`i’ mag`li’wmatlardi’ oqi’p, slaydlardag`i’ mag`li’wmatlardi’ ko`zden o`tkerip shi’qqannan son` «Ekige bo`lingen da`pter» metodi’nan paydalang`an halda oqi’wshi’lardi’ aktivlestiriwge, o`z betinshe jeke pikirlerin jazba formada beriw arqali’ pikirlew qa`biletin, jazba sawatli’li’g`i’n rawajlandi’ri’w mu`mkin.

«Ekige bo`lingen da`pter» metodı-bul a`piwayı ha`m effektiv metod bolıp, ol teksttin` mazmunın izertlew mu`mkinshiligi, onı jeke ta`jiriybe menen baylanıstırıw ha`m oqıg`an na`rsege jeke mu`na`sibetti jazba tu`rde bildiriwdi u`yretedi.

«Ekige bo`lingen da`pter» metodı shaxstın` bilgen mag`lıwmatların tolıqtıradı, uqıp ha`m ko`nlikpelerin, aqılıy pikirlew, sonday-aq, a`dep-ikramlılıq, estetikalıq sıpatların rawajlandıradı.

Кеңесбай Рахмановтың драматургиясы бойынша «Ekige bo`lingen da`pter» metodın alıp barıw ushın da`pterdin` beti da`l ortadan bo`linedi, shep ta`repine belgili bir mag`lıwmat, al on` ta`repine usı mag`liwmatqa jeke o`zinin` pikirlerin, o`zinin` oqıg`anlarına qatnasın bildiredi. Оқыўшылар белгиленген ўақыт ишинде тапсырманы орынлаўы тийис.

| Мәселе | Оқыўшылар өз пикирлерин жазыўы тийис |
|---|---|
| К.Рахманов драматургиясының өзгешеликлери | К.Рахманов күшли драматург деп есаплайман, себеби, оның драмалық шығармаларының қаҳарманлары ҳақыйқый турмысымызда ушырасады. Мысалы, «Ынжықтың мухаббаты» комедиясының баслы қаҳарманлары бизиң заманымызда да ушырасыўы мүмкин болған образлар. Драматург К.Рахмановтың |

| | |
|---|---|
| | драмалық шығармаларының ең баслы өзгешеликлериниң бири ғәрезсизлик дәўиринде оқыўшылар менен тамашагөйлер ушын қызықлы болған темаларды ҳәм өз дәўириниң қаҳарманларын таңлап билгенлиги деп ойлайман. |

Belgilengen waqıt tamamlang`annan keyin оқыўшылар o`zinin` jazg`anları boyınsha pikir almasadı. Оқыўшылардың пикирлери ҳәр қыйлы болыўы мүмкин, муғаллим барлық пикирлерди тыңлап болғаннан соң оқыўшылардың айтқан жеке пикирлерин жуўмақластырып, мәселеге жуўмақ жасайды. Сабақ барысында муғаллим барлық ўақытта оқыўшыларды активлестириўши, өз бетинше жумыс ислеўин тәмийнлеўши метод ҳәм усылларды пайдаланыўға ҳәрекет жасайды.

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў барысында оқытыўшы « Нилуфар гүли» методынан да пайдаланыўы мүмкин. Ҳәр қандай метод педагог-методистлер тәрепинен терең ойланылған ҳалда, тәжирийбе сынақтан өткерилип болғаннан соң ғана әмелиятқа енгизиледи. Биз сөз етпекши болып атырған методымыздың да ең дәслеп гүлдиң тәбияттағы өзине тән өзгешеликлери есапқа алынған ҳалда методқа гүлдиң атамасы бериледи. Тәбиятта нилуфар гүли басқа гүллерден өзгешерек болып, оның гүлиниң ҳәр бир жапырағының ашылыўы избе-из өтеди, ал басқа гүллердиң барлық жапырақлары бирден ашылыўы белгили, сол ушын методқа нилуфар атамасы берилген.

К.Рахмановтың дөретиўшилиги деген тема бойынша нилуфар гүли методы қалай өткериледи. Бунның ушын муғаллим сабақты визуал көргизбелиликти пайдаланған ҳалда киши лекция оқып бергеннен кейин, сабақтың жобасының ҳәр бир пункти киши топарларға тапсырма сыпатында бериледи, олардың ҳәр бири бир машқала болып табылады. Мәселен К.Рахмановтың дөретиўшилиги үлкен бир машқала, үлкен бир тема болса, оны қураўшы бөлеклерге жобаның киши темашалары, сораўлары киргизиледи. Мәселен биринши топарға «К.Рахмановтың өмири» бойынша мағлыўматларды топлаў, екинши топарға «К.Рахманов-шайыр» деген мәселени қарастырыў, үшинши топарға «К.Рахманов-жазыўшы», төртинши топарға болса «К.Рахманов-драматург», бесинши топарға «К.Рахмановтың дөретиўшилигиниң изертлениўи», алтыншы топарға «К.Рахманов ҳәм театр» деген мәселелерди қарастырыў тапсырмасы бериледи.

Буның ушын класстағы барлық оқыўшылар киши топарларға бөлинеди ҳәм берилген тарқатпа материаллардағы, слайдлардағы, көргизбедеги мағлыўматларды үйренип шығып, ҳәр бир топар өз тапсырмасын орынлайды. Кейин ҳәр бир топар ағзалары К.Рахмановтың дөретиўшилиги бойынша мағлыўматларын тарқатпа материалларға жазып шығады ҳәм тахтаға шығып түсиндирип береди.

Әмелий тәрептен барлық идеяларды ықшам деп көз алдыңызға келтириң, бул ҳәм ақыл ушын пайдалы шынығыў есапланады.

Сизге үлкен қағаз бети зәрүр болады. Ҳәр дайым өзиңиз пикирлериңиз нәтийжесин бир бет қағазда көриў пайдалы есапланады. Қарама-қарсы ҳалда болса сизге бир беттен басқасына секирип жүриўиңизге ҳәм бунда зәрүрий бир әҳмийетли нәрсени умытып қалыўыңызға туўры келеди.

К.Рахмановтың дөретиўшилигин «Нилуфар гүли»не жайластырып бериң




...лаў ... тыл ... қыт т... ок ... ары ... ын е... ры ... икт ... ри б... ма ... или ... лы ... кер ... қар ... «К ... ри, дөретиўшилиги. Драмалары» деген мәселени оқытыўда таза теманы түсиндириў басқышында оқыўшылардың активлигин тәмийнлеў мақсетинде «Зиг-заг» методынан пайдаланыўымыз мүмкин. Бул методты пайдаланыў ушын муғаллим тәрепинен таярланған тарқатпа материаллар болыўы керек, кейин аудиториядағы оқыўшылар киши топарларға бөлинеди ҳәм оқыўшылар киши топарларда бирге жумыс ислейди, усы бирге ислесиў арқалы оқыўшылар бир-бирин тыңлап үйренеди, мәселениң ең тийкарғысын анықлаўды үйренеди.

**«Зиг-заг» методын өткериў қағыйдалары:**

○ **1-басқыш.** Аудиторияны (классты) кооператив (киши) топарларға бөлиң ҳәм оқыў материалын бөлип бериң. Топардың ҳәр бир ағзасына үйренип шығыў ҳәм топардың басқа ағзаларына түсиндирип бериў ушын ҳәр қыйлы материал
( 1-оқыўшыға биринши бет, 2-оқыўшыға екинши бет ҳәм басқаларға да усыған уқсас ҳалдағы) бөлимлери бериледи.

○ **2-басқыш.** Экспертлик топарлар оқыў материалын үйренеди ҳәм оның презентациясын таярлайды. Эксперт топары-бул бирдей оқыў материалына ийе ҳәр қыйлы киши топарлардың ағзалары. (мәселен, 1-бет үйрениўге

берилген оқыўшы бир А топарының ағзасы Б топардың 1-бетти үйрениўши ағзасы менен ушырасып, биргеликте материалды үйренип шығады.) Партнер – экспертлер материалды түсиндириўдиң усылларын, жолларын анықлап алады. Соңынан эксперт топарының басқа ағзаларына материалды түсиндиреди ҳәм олардың қандай дәрежеде түсинип алғанын анықлайды.

- **3-басқыш.** Биргеликте оқыў (үйрениў) ҳәм тексериў ушын өз кооператив топарына қайтыў. Студентлер (оқыўшылар) өз кооператив топарларына қайтып келеди. Усы жерде олар гезек пенен бир бирин үйренип шыққан материалы менен таныстырады.
- **4-басқыш.** Жеке ҳәм топарлық есап бериў. Барлық топар оның ҳәр бир ағзасының материалды толық билиўине жуўапкер есапланады. Топар оның ҳәр бир ағзасынан өз билимин көрсетиўин сораўы мүмкин. Буны ҳәр қыйлы усыллар жәрдеминде иске асырыўға болады. Мәселен: жазба тексериў жумысын таярлаў, бир қатар сораўларға аўызша жуўап бериў ямаса топардағы басқа ағзалардың үйреткен материалын толық презентация ислеўди тапсырыў мүмкин.

Биргеликтеги жумыс ислегеннен кейин

# ЖУЎМАҚ

ӘДЕБИЯТЛАР


3.Көшкинбаев Ә. Пән ҳәптеликлерин өткериў ҳәм методикалық бирлеспелерди аттестациялаў Н., 1993

4.Ә. Пахратдинов Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы Н., 2004

5.К.Усманова Адабий таълимда илғор педагогик технологиялар Т., 2004

6.Қ.Юлдашев Адабиетни ўқитишнинг илмий-назарий асослари Т., 1996

7.С.Далимов, Х.Убайдуллаев, К.Ахметов Адабиетни ўқитиш методикаси Т., 1967

8.В.Голубков Методика преподания литературы М., 1962

9. Билимлендириў инновациялары Н., 2005

10. Б.Султанов, А.Тилегенов, Т.Байназаров Янги педагогик технология асослари Т., 2007

11.Ә.Пахратдинов Педтехнология тийкарлары Н., 2010

Da`stu`riy oqıtıwdın` unamsız ta`repleri:

1. Bir tu`rlilik
2. Sabaq waqtının` nadurıs bo`listiriliwi
3. Sabaq waqtında taza temanı u`yreniwge bag`dar berilip, tiykarg`ı iskerlik u`y tapsırmasına ju`klenedi
4. Oqıwshılardın` o`z-ara qarım-qatnası kem
5. Oqıtıwshının` sheberligi tiykarg`ı element
6. O`z betinshe jumıs islew mu`mkinshiligi joq
7. Oqıwshılar passiv halatta
8. Oqıwshılardın` so`ylew ma`deniyatının` kemligi (ortasha 2 minut)
9. İndividual islew mu`mkinshiligi joq
10. Ta`lim maqsetleri anıq belgilenbegen.

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı
Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı bakalavr ta`lim bag`darı pitkeriwshisi
Pa’rwaz Ta`jetdinovanın` «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası»
pitkeriw qa`nigelik jumısına

**SIN**

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı bakalavr ta`lim bag`darının` pitkeriwshisi Pa’rwaz Ta`jetdinovanın` «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası» atlı jumısı pedagogikanın` aktual ma`selelerinen esaplang`an a`debiyattı oqıtıw metodikasının` belgili bir bo`legi izertlewge bag`ıshlang`an.

Jumıs du`zilisi boyınsha kirisiw, tiykarg`ı eki bap «Ulıwma bilim beriw mekteplerinde K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası», «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıwda aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiya usıllarınan paydalanıw», juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

Pitkeriw qa`nigelik jumısı k.Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtılıw ma`selelerine bag`ıshalanadı, yag`nıy da`stu`riy sabaqlar ha`m interaktiv metodlardı paydalang`an halda K.Raxmanov do`retpelerin oqıtıw mu`mkinshilikleri qarastırıladı. K.Raxmanovtın` do`retiwshiligi aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardan «Ekige bo`lingen da`pter», «Nilufar gu`li», «Zig-zag» metodlarınan paydalang`an halda oqıtıw metodikası qarastırıladı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, Pa’rwaz Ta`jetdinovanın` «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası» atlı pitkeriw qa`nigelik jumısı tamamlang`an jumıs sıpatında MAK talaplarına tolıg`ı menen juwap beredi ha`m jaqsı bahag`a ılayıq dep esaplayman.

Pikir bildiriwshi: İ.Dilmanov

filologiya ilimlerinin` kandidatı

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı
Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı bakalavr ta`lim bag`darı pitkeriwshisi
Pa’rwaz Ta`jetdinovanın` «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası»
pitkeriw qa`nigelik jumısına

**P İ K İ R**

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı bakalavr ta`lim bag`darının` pitkeriwshisi Pa’rwaz Ta`jetdinovanın` «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası» atlı pitkeriw qa`nigelik jumısı XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatına 60-jılları kirip kelip, g`a`rezsizslik da`wiri qaraqalpaq a`debiyatının` rawajlanıwına da salmaqlı u`les qosqan shayır, jazıwshı, dramaturg K.Raxmanovtın` o`miri ha`m do`retiwshiligin ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtılıw ma`selelerine bag`ıshlanadı.

Jumıs du`zilisi boyınsha kirisiw, tiykarg`ı eki bap «Ulıwma bilim beriw mekteplerinde K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası», «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıwda aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiya usıllarınan paydalanıw», juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

Pitkeriw qa`nigelik jumısın k.Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtılıw ma`selelerine bag`ıshalanadı, yag`nıy da`stu`riy sabaqlar ha`m interaktiv metodlardı paydalang`an halda K.Raxmanov do`retpelerin oqıtıw mu`mkinshilikleri qarastırıladı. K.Raxmanovtın` do`retiwshiligi aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardan «Ekige bo`lingen da`pter», «Nilufar gu`li», «Zig-zag» metodlarınan paydalang`an halda oqıtıw metodikası qarastırıladı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, Pa’rwaz Ta`jetdinovanın` «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası» atlı pitkeriw qa`nigelik jumısı tamamlang`an jumıs sıpatında MAK talaplarına tolıg`ı menen juwap beredi ha`m jaqlawg`a usınıs etiledi.

İlimiy basshı: f.i.k. E.Eshniyazova

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı
Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti
Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası
Pitkeriwshisi Ta`jetdinova Pa`rwaz
İlimiy basshısı: f.i.k. E. Eshniyazova
Teması: «K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw metodikası»

**Avtorlıq annotatsiya**

**Temanın` aktuallıg`ı**: Ha`zirgi qıyınshılıqlı sharayatta xalqımız, aldı menen o`nip-o`sip kiyatırg`an jas a`wladımız sanasında ha`m qa`lbinde ideologiyalıq immunitet payda etiw u`lken a`hmiyetke iye[1],- dep atap ko`rsetti prezidentimiz I.A.Karimov.

Haqıyqatında da, «Bilimlendiriw xaqqında» g`ı Nızam, «Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlaması» sıyaqlı tariyxıy hu`jjetler u`zliksiz bilimlendiriw tarawına juwapkershilikli wazıypalar ju`kledi. Zaman talaplarına juwap beretug`ın oqıw rejelerin, bag`darlamaların, metodikalıq qollanbalardı islep shıg`ıw bu`gingi ku`nnin` a`hmiyetli wazıypalarınan bolıp tabıladı.

Usı ko`z qarastan qarag`anımızda ulıwma orta bilim beretug`ın mekteplerde a`debiyat pa`nin oqıwshılarg`a u`yretiw ha`m oqıtıw en` a`hmiyetli metodikalıq ma`selelerden esaplanadı.

**Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları:**

jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatının` talantlı wa`killerinin` biri shayır, jazıwshı ha`m dramaturg K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin ulıwma bilim beretug`ın orta mekteplerde oqıtıw metodikasın u'yreniwden ibarat bolıp tabıladı.

Bul maqsetke erisiw ushın to`mendegishe wazıypalardı orınlawımız tiyis:

-birinshiden, K.Raxmanovtın` o`miri ha`m do`retiwshiligine qısqasha sholıw jasaw,

-ekinshiden, a`debiyatshı-ilimpazlarımızdın` pikirlerine tayang`an halda K.Raxmanovtın` do`retiwshiliginin` o`zgesheligi haqqında o`zimizdin` jeke studentlik pikirimizdi beriw,

- u`shinshiden, ulıwma bilim beriw mekteplerinde K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw barısında paydalanılıwı mu`mkin bolg`an metodlar, usıllar, shınıg`ıwlardı u`yreniw bolıp tabıldı.

**İzertlew ob`ekti**

Shayır, jazıwshı ha`m dramaturg K.Raxmanov qaraqalpaq a`debiyatında salmaqlı ornı bar ko`rkem so`z iyelerinin` biri bolıp tabıladı. Onın` do`retiwshiligi ulıwma bilim beretug`ın orta mektepler, akademiyalıq litseyler, ka`sip-o`ner kolledjleri ha`m joqarı oqıw orın qaraqalpaq a`debiyatı bag`darlaması boyınsha u`yreniledi. Talantlı ko`rkem so`z sheberi K.Raxmanovtın` do`retiwshiligin oqıtıw menen baylanıslı ma`sele pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` izertlew ob`ekti bolıp

---

[1] Milliy ga'rezsizliк ideyası: tiyкarg'ı tu'siniк ha'm printsipler
N o' к i s ,"Qaraqalp aqstan",2001,6-bet.

tabıladı.

**Izertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyeti**

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` na`tiyjelerin en` a`weli keleshektegi o`z ta`jiriybemizde paydalanıwımız mu`mkin, sonın` menen birge XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatın oqıtıw metodikası boyınsha referat, o`z betinshe ha`m kurs jumısların jazıwda paydalanıw mu`mkin.

**Jumıstın` qurılısı:** Jumıs kirisiw, I ha`m II baplardan, juwmaq ha`m paydalang`an a`debiyatlar diziminen turadı.

**İlimiy basshı: f.i.k. E.Eshniyazova**

**Pitkeriwshi: P.Tajetdinova**